EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejsspc




# FAMOUS SATIRIST, EXEMPLARY PROSE WRITER

**Utambetova, A. J.**
Karakalpak Humanities Research Institute, Karakalpakstan Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus City
https://doi.org/10.5281/zenodo.19590450

ARTICLE INFO
Received: 08th April 2026
Accepted: 14th April 2026
Online: 15th April 2026
KEYWORDS
*Literature, culture, spiritual world, satire, humor, comedy, fiction, story, narrative, novel, film.*

ABSTRACT
*The article is dedicated to the work of the famous satirical writer M. Nizanov, as well as to his role and work in Karakalpak literary prose.*

# БЕЛГИЛИ САТИРИК ЖАЗЫЎШЫ, ҮЛГИЛИ ПРОЗА ДӨРЕТИЎШИСИ

**Утамбетова А. Ж.**
Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты Нөкис қаласы
https://doi.org/10.5281/zenodo.19590450

ARTICLE INFO
Received: 08th April 2026
Accepted: 14th April 2026
Online: 15th April 2026
KEYWORDS
*Әдебият, мәденият, руўхый дүнья, сатира, юмор, комедия, көркем сөз, гүррин, повесть, роман, кинофильм.*

ABSTRACT
*Мақала белгили сатирик жазыўшы М.Нызановтың дөретиўшилигине бағышланыўменен бирге оның қарақалпақ көркем прозасында тутқан орны ҳәм мийнетлерине арналған.*

## КИРИСИЎ

Муратбай Нызанов XX әсирдиң 60 жылларынан баслап қарақалпақ әдебиятына кирип келген халық сүйген сатирик жазыўшы, ол өз дөретиўшилик эволюциясын алға илгерлетип, бир неше гүрриңлери, повестьлери менен романлары; «Еки дүньяның әўереси» комедиясы, «Танк», «Уры», «Курорт», «Зийўар», «Әжинияз» кинофильмлери, көп санлы сценарийлери, интермедиялары менен көркем сөз дүньямызды ҳәр тәреплеме байытыўға хызмет етип, мәдениятымыздың белгили ғайраткерлериниң ең үлгили топарына келип қосылды. Оның хызмет бабында лаўазымлы орынларда ислеген хызметлериниң

EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejsspc

өзи: Қарақалпақстан телерадио компаниясында редактор, бөлим баслығы, бас редактор, соңынан тиккелей өз жеке басламасы менен ашқан «Арал» журналының бас редакторы, «Қарақалпақстан» баспасының, «Билим» баспасының директоры, Қарақалпақфильм студиясының директоры лаўазымларында мийнет етиўи жазыўшының әдебиятымыз бенен мәдениятымызға қосқан үлеслери болып табылады. М.Нызановтың тәнҳә өзи шөлкемлестирген, хызмет ислеп алып барған «Мәўрит» телекөрсетиўиниң ҳәр тәреплеме мазмунлы ҳәм формаларға бай болған рәң-бәренликлери пүткил қарақалпақ халқының ядында еле өшкен емес.

М.Нызанов усы күнге шекем қарақалпақ көркем прозасын түрлише бағдарларда раўажландырыўға айрықша үлес қосып қәлем тербетеди.Ол жаңа заманға сәйкес жаңаша концепцияларға, сюжетлик ҳәм конфликтлерге тийкарланып ашып берген әдебий қаҳарманларға бай неше гүрриңлери менен повестьлери, романлары, киносценарийлери ҳәм тағы басқалар әдебиятымыз бенен мәдениятымыздағы өз қатары қәлемкеслериниң ҳеш қайсысына уқсамаўы, өзинше даралығы, индвидуаллығы менен ажыралып турады.

**ӘДЕБИЯТЛАР АНАЛИЗИ ҲӘМ МЕТОДОЛОГИЯ**

Автордың «Ақырет уйқысы» шығармасы жазыўшы «повесть» деп атаса да, ал өзбек әдебиятшылары менен китап оқыўшыларының дурыс таңлағанындай «роман» деген ат пенен көркем әдебий атмосферада үлкен силкиниў, резонанс пайда етти. «Ашық болмаған ким бар?» романы әдебий сынымыз бенен педагог илимпазлар тәрепинен нағыз «ашықлық психологиясынын» терең сәўлелениўи сыпатында Ж.Базарбаев [1], Ж.Есенов [2], А.Пазылов [4]унамлы баҳалар алып, олар көпшилик китап оқыўшы жәмийетшилик тәрепинен қызғынлы, дискуссиялы түрде күтип алынып орынлы түрде унамлы баҳаларына ийе болды.

**НӘТИЙЖЕЛЕР**

Әдебиятымыздың белсендиси болған М.Нызанов тийкарынан көркем сөз өнерине қәлеминиң өткир, заманагөйлик рухы басым сатиралық шығармалары менен бирден көзге түсти. Жазыўшы сатирик бул жанрда еки түрли тараўды: поэзия ҳәм проза жанрында шығармалар дөретти. Сол себепли биз сатириктиң дөретиўшилик жолының басламасы сыпатындағы базы бир халық ядында қалған қосық түриндеги юмор-сатиралық дөретпелерине тоқтасақ… М.Нызанов өз сатира-юморлық қосықларында, әлбетте, усы жанрдың мүмкиншиликлери, оның идеялық тематикалық қәсийетлерине бола заманласларымыздың минез қулқы жәмийетимизден орын алып киятырған ең жаман иллетлерди әшкаралаўды мақсет етти. Бул бағытта жазыўшы тек ғана бурынғы төрт қатар қосық үлгисин ислетиў менен шекленбестен, гейде ақ қосық, базы да терме толғаўлық формаларды пайдаланып, «породия» лар түринде де шығармалар жазып, олар арқалы тыңлаўшылар менен китап

оқыўшылардың эстетикалық талғамын қандырып, көпшиликке руўхый суўсын жаратты. Бул типтеги юмор-сатиралық қосықлары көпшиликтиң дийдинен шығып сол мәўритлерде усы жанрға муўапық түрде күлки туўдырып, өзиниң реалистлик шынлығы менен турмыс ҳақыйқатлығын объектив сәўлелендириўи менен көзге тасланады.

Мысалы: Бир дегенде не жаман ?

Қалтаңнан шыққан пул жаман.
Екиленши не жаман ?
Ҳәмелден түскен сол жаман.
Үш дегенде не жаман ?
Мәжилисте айтқан мин жаман.
Төрт дегенде не жаман ?
Бардамлы жердиң қызына
Үйлене алмаған сол жаман ! [2.22].

Булардың барлығы нағыз өмирде бар, заманласларымыздың ойында жүрген турмыс ҳәдийселери, ишки руўхый дүньямыздағы бурыннан сиңип қалған бир тәреплемелик ямаса унамсыз ҳәдийселер деймиз бе, өзимшиллик пе, қулласы, турмыс шынлығының дәл картинасы десек арзыйды.

Жазыўшы лирика түриндеги юмор-сатиралық дөретпелеринде қысқа, өткир қатарлар менен әдебий қаҳарманның характериндеги ушырасатуғын ақылы келтелик, сайызлық, мақтаншақлық ҳ.т.б сыяқлы унамсыз сыпатларды айқын сәўлелендиреди.Сатирик жазыўшы шайырдың усындай шығармаларының лирика менен жазылған юморларының бир қатарлары мынадай болып келеди екен:

Қызымыз сондай табыскер,
Дүкан ашады «Қосбулақ» та.
Бала да қуры «айлықшы» емес.
Старший агент госстрахта... [2. 31].

Бул өз-ара қуда болып отырған еки қуда-қудағайлардың гәплеринен алынған бәлки автор сатирик ядынан ойлап тапқан, бирақ өмир шынлығының бир бөлеги болып есапланады. Бул қатарлардың терең мәнисин көбинесе тыңлаўшылар, оқыўшы жәмийетшилик ўәкиллери терең түсинсе керек. Өйткени дүканшылар менен госстрахта ислеўши жырып жеўшилер менен жалатайлар, ямаса ҳәзирги күнниң термини менен айтсақ «исбилермен», «бизнесменлер» арамызда толып атырған жоқ па?!

Юмор-сатиралық жанрдың талапларына бола гейде өмир шынлығы бираз бөрттириңкиреп алынып, онда гиперболизмниң иске түсиўи тәбийғый қублыс. Булай етпегенде натураль өмир шынлығы оқыўшы менен тыңлаўшыда күлки ожата алмаўы мүмкин. Усы мақсетте жазылған сатирик юморист жазыўшының төмендеги лирикалық қатарларына дыққат аўдарсақ, барлығымыздың да мыйығымызда күлки оянады.

Қараңыз: Врач лекция оқыды кеше аўылда.

Арақтың ақыбетин айталмай отыр,
Ал азанда көрсек, бас аўырыўдан.
Өзи қонақ жерден қайталмай отыр... [2. 38].

М.Ызанов демек, қәлеген шығармаларында сатиралық тип жаратыў ушын усындай түрдеги бул жанрға тийисли болған турмыс детальларын сезимталлық пенен дәрҳәл аңлап хатқа түсиреди, сол арқалы жәмийетлик турмыстағы унамсыз иллетлерди өлтире әшкаралайды, өткир қәлеми менен түйрейди деген сөз.

Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятындағы юмор сатиралық жанрдың белсенди дөретиўшисиниң проза тилиндеги шығармаларында, гүрриңлеринде оның қосықларындағы юмор-сатиралық жанр талапларына уқсас түрде өмир шынлығының конкрет қысқа, қас қағым пайытларындағы күлкили, өмирдеги унамсыз ҳәдийселер сезгирлик пенен таңлап, олар картиналық көринислер, сюжет детальлары сыпатында сәўлелениўи жазыўшы шеберлигиниң гүўасы. Усы мақсетлерде жазыўшы сатирик турмыстағы болатуғын ўақыяларды, қурғақ түрде сырттан публицистикалық стильде баянлап отырмастан, ал оларды аўызеки тил стили менен жазба әдебий тилдиң синтезин шеберлик пенен ислетиў арқалы өмир шынлығын жанландырып, эмоциональ форма менен сүўретлеўи ериксиз күлки оятады. М.Нызановтың шығармаларындағы усындай сыпатлар яғный юмор-сатираның күш қүдирети ол жазған көпшилик гүрриңлердиң атлары, темаларының өзинен-ақ көзге тасланады. Мысалы : «Мениң Тиллабийкем», «Ақ балтырдың көшеси», «Иси келиспеген адам», «Жақында қызық болады», «Диңгектеги данышпан» ҳәм тағы басқа гүрриңлериниң темасын көрип ақ көпшилик китап оқыўшылардың оларға дыққаты артады, гүрриңдеги сюжетлик композициялық баянлаўдың ақыбетин асығыслық пенен күтип, шығарманы тез арада көзден кеширип, айырым китапқумарлар жоқарыда жазыўшының өзи айтқандай биреўлери ишин услап, биреўлери силеси қатқанша күлип көзлеринен ериксиз жас ағызады. Мысалы, оның «Анализ» деген гүрриңинде бир наўқас врачлық көзден өткериўге келсе, шыпакер оған : « – Сизиң бойыңызда үш айлық ҳәмле бар екен ! Бул қалай болды…? – деп өзи толық семиз ер адамның қарнын қайта-қайта еки қоллап баса берген. Өзи ер жыныстағы киси қалай ҳәмледар болыўы мүмкин ?! Кейин анықланып қараса, сол наўқастың анализиниң орнына басқа бир ҳәмледар ҳаялдың анализ жуўмағы алмасып түсип кеткен. Бул базда емлеўшилер, поликлиникаларда ушрасып қалыўы мүмкин болған күлкили парықсызлық ҳәдийселердиң типик көринислериниң бири десек орынлы шығар.

М.Нызанов көбинесе өзиниң жазыўшылық лабораториясының дәслепки жылларынан баслап көбирек юмор-сатиралық шығармалары менен халыққа танылып, ол өз дөретпелеринде усы жанрлық стильлик талапларға муўапық келетуғын ирониялы, исенимли ҳәм базыда бөрттирилген, әдебий қаҳарманлар характерин тереңлестирип ашып беретуғын турмыс ўақыяларын сюжетлик

композициялық өзекке сюжетлик детальларға түсирип, образларды күшейтип бериўге шебер қәлем ийеси сыпатында танылған. Бул бағытта оның «Еки дүньяның әўереси» комедиясы менен «Танки» кинофильминде, «Жат журттағы жети күн», «Пара», «Еки қанхор», повестьлеринде мүмкиншилигинше өмир шынлығының кеңирек ўақыя сюжетлери тийкарында күшейтип сүўретлегенин белгилеп өтиўге туўра келеди. Жазыўшы базда әдебий сатиралық типлердиң бир аўыз сөзлери менен ақ образ, тип жарата алады, оларды инсанның индвидуаль характерлери дәрежесинде сүўретлейди. Мысалы, оның «Иси келиспеген адам» деген гүрриңинде әдебий қаҳарман мудамы ис орнында урлық ислеп: биресе гөш бөлшеклерин жеңиниң ишине, қолтығына тығып киятырғанда, биресе тағы бир урлық формаларында усланып қала берген екен. Бир сапары ол гөш урлап шығып атырса асығыс кирип киятырған бир киси шығар аўыздағы қапыны бирден жиберип қалғанда, адамның балтырындай пружина илдирилген темир қапы урлықшы иси келиспеген адамның маңлайына ғарс етип тийип, о лестен аўып, кеселханада жатырғанда, көзин ашып қараса бас ушында сол мекемениң басшылары урыны гүзетип отырған екен. Және бирде бул урлықшы – «иси келиспеген адам» сүт урлап киятырса, қараўыл қолтығыңды көтер дегенде ол қолын жоқары көтерсе, урының қолтығынан сүт тамшылап турғанын көрген қараўыл оған: «–Ҳаў ақсақал. Мынаў не? – дегенде уры киси: Шырағым, усы күнлери қатты терлесем қолтығымнан аппақ тер тамшылайтуғын болып жүр » – деген екен.

Әне, бул нағыз қысқа ҳәм тужрымлы сатириктиң типик образы, инсан характериниң сәўлеси десек, бул сөзсиз жазыўшының усы жанрдағы поэтикалық шеберлигиниң нәтийжеси, оның турмыс пенен жәмийетимизде орын алып киятырған айырым иллетлердиң өзиниң өткир ништерине, сатира қармағына илдириўи болып есапланады.

М.Нызановтың дәслепки сатиралық қосықлары менен гүрриңлериндеги юмор-сатиралық жанрлық бағдар оның дөретиўшилик эволюциялық жолына тийкар салып, олар негизинде сол бағытта кем-кемнен эпикалық шығармаларға, сатира юморлық акценти басым «Пара», «Еки қанхор», «Жат журттағы жети күн» повестьлери менен «Еки дүньяның әўереси» комедияларына барып уласты. Солардың арасында автордың «Пара» атлы повестинде сатиралық мақсетте әдебий қаҳарманның унамсыз қылўасы парахорлық ис ҳәрекетлерин газета стилиндеги, яғный публицистикалық баянлаў ямаса қурғақ информациялық билдириўлер менен берген болса, ал «Еки қанхор» повестинде шығарманың аты сатиралық бағытға уқсап кетсе де онда тийкарынан айырым инсанлардың бахтының келиспеўи,ҳаял-қызларымыздың гейпара садалығы басым жигитлерди қолға түсирип, оларды мәзи күйеў етип, соңынан өлтирип жибериўди

ойлап жобаластырыыўы, бирақ бул ис-ҳәрекетлерди сезген Мейрибек пенен Оралбай-Олег деген жигитлер бул келиншеклердиң өзин набыт етиўи, сөйтип олардың еки қанхор атаныўлары тәсирли, исенимли сүўретлеўлер менен конфликтлер дүзилген. М.Нызанов дөретиўшилик эволюциясындағы усындай эпикалық стильдиң раўажланыўы менен оның жазыўшы фантазиясы, ал ҳақыйқый қыялый фантастикалық сүўретлеў усылы менен байып, ол дөретиўши қәлеминен «Жат журттағы жети күн» атлы повесть сыпатында туўылған. Шығармада Бекназар деген әдебий қаҳарманды жат планеталылар өз планетасына алып қашып кетеди.

**ЖУЎМАҚ**

Жуўмақластырып айтқанымызда М.Нызанов тек ғана санаўлы классик проза дөретиўшилери емес, ал пүткил жәҳән әдебияты прозасының поэтикалық үлгилеринен, дәстүрлеринен орынлы пайдаланып қәлем тербеткенин айтыў орынлы. Сонлықтан да жазыўшы, әсиресе, соңғы дәўирдеги дөретиўшилик жолы, оның шығармалары еле әдебий сыннан өз баҳасын алыўды күтип турған актуаль мәселелер қатарына киреди.

## References:

1. Базарбаев Ж. Әдебият – ибрат мектеби. Нөкис «Билим» 2015
2. Есенов Ж. Танылған тулғалар ( К.Мәмбетов, Ә.Тажимуратов, М.Нызанов, Ө.Сәрсенбаев). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2001
3. Бекбергенова З. Жазыўшы ҳәм шеберлик. Нөкис «Билим» 2020
4. Пазылов А. Айралық ҳәм ашықлық психологиясы. «Еркин Қарақалпақстан», 2014